# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–28 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस क लोगिन के आजु से पनरह नवम्बर ले निर्बाध बिजुली आपूर्ति क निरदेस दिहले हवें। येह बारे में उत्तर प्रदेस पावर कारपोरेसन क अध्यक्ष डॉक्टर आशीष कुमार गोयल बतवलें कि धनतेरस, देवाली, भइयादूज अउर छठ पूजा से ले के पनरह नवम्बर ले प्रदेस के बिजुली कटउती से मुक्त रक्खल जाई। उहां के कहलीं कि जो त कहीं लोकल फाल्ट के नाते बिजुली आपूर्ति परभावित होई त फाल्ट के कम समय में ठीक कइले क निरदेस दीहल गइल हौ।

**********

लखनऊ में कथित रूप से पुलिस अभिरक्षा में एगो नौजवान क मउति के मामिला में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु मृतक के परिजन से मुलाकाति कइलें। येह दौरान बक्शी का तालाब विधानसभा क्षेत्र क विधायक योगेन्द्र शुक्लो मौजूद रहलें। विधायक बतवलें कि मुख्यमंत्री मामिला क जांचि अउर दोसियन पर कड़ेर कार्रवाई के साथे परिवार क हर सम्भव मददि क भरोसा दिहले हवें। उहां के बतवलीं कि मृतक के परिवार के दस लाख रूपिया क आरथिक सहायता के साथे सरकारी योजना में आवासो दीहल जाई।

**********

वाराणसी के काशी हिन्दू विश्वविद्यालय स्थित भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान क तेरहवां दीक्षांत समारोह में कई गो पाठ्यक्रम क एक हजार नौ सौ चउवन छात्र–छात्रा के उपाधि दीहल गइल। दीक्षांत समारोह में कुलि साठि मेधावी विद्यार्थियन के एक सौ पचीस स्वर्ण अउर रजत पदक दीहल गइल।

समारोह क मुख्य अतिथि केन्द्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान छात्र–छात्रा लोगिन के मेडल अउर अवार्ड से सम्मानित कइलें। उहां के संस्थान क सोध क्षमता के बढ़ावे बदे चारि सौ करोड़ रूपिया के परियोजना क नेइ धइलीं। येह मौका पर केन्द्रीय सिक्षा मंत्री कहलें कि देस क प्रगति में नौजवानन क भूमिका बहुते महत्वपूर्ण हौ। उहां के कहलीं कि अबसे पचीस सालि बाद जब भारत आजादी क अमृत महोत्सव में होई तब सिक्षित नौजवानन क भूमिका अउरियो बढ़ि जाई। भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान क दीक्षांत समारोह में बोर्ड ऑफ गवर्नर क चेयरमैन पद्‌मश्री डॉक्टर कोटा हरिनारायन, संस्थान क निदेसक प्रोफेसर अमित पात्रा अउर प्रभारी कुलसचिव राजन श्रीवास्तवो मौजूद रहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिये एक्यावन हजार से बेसी नव–नियुक्त नौजवानन के नियुक्ति पत्र बंटिहें। एकरे बदे देस क चालीस जगहिनि पर रोजिगार मेला आयोजित कइल जाई। नियुक्ति पत्र पावे वाला नौजवान कई गो मंत्रालयन अउर विभागन में केन्द्र सरकार के पदन पर नियुक्त होइहें।

**********

एम्स गोरखपुर क ओपीडी में अब दांत रोगियन क इलाज बदे अउरियो बढ़ियां इंतिजाम कइ दीहल गइल हौ। अब एहवां पांच डेंटल चेयर पर एक्के साथे पांच मरीजन क इलाज हो सकी। नया दंत रोग विभाग क उद्‌घाटन बिहने प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वर्चुअल जरिया से करिहें। येह मौका पर प्रधानमंत्री एम्स गोरखपुर में बनल कार्निया ट्रांसप्लांट सेंटरो क वर्चुअल उद्‌घाटन करिहें। येह सेंटर के सुरू भइले से नेत्रहीन लोगिन के रोसनी दीहल असान हो जाई।

**********

उपभोक्ता मामिला, खाद्य अउर सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रहलाद जोशी किसानन के भरोसा दिहले हवें कि सरकार चाउर मिल मालिकन से सज्जो पैदावार खरीदे बदे प्रतिबद्ध हौ। उहां के आजु नई दिल्ली में भारतीय खाद्य निगम सिकायत निवारण प्रणाली क उदघटन के मौका पर ई बाति कहलीं। श्री जोशी कहलें कि पंजीकरण से ले के समाधान खोजले ले क पूरा निवारण ऑनलाइन होई। उहां के किसानन के भरोसा दियवलीं कि मिल मालिकन क सज्जो सिकाइति क निपटारा पारदरसी तरीका से कइल जाई।

**********

सार्वजनिक जिनगी में सत्यनिस्ठा के बढ़ावा देवे अउर भ्रस्टाचार मुक्त समाज क लक्ष्य हासिल करे बदे आजु से पूरा देस में सतर्कता जागरूकता सप्ताह–दुइ हजार चउबीस मनावल जा रहल हौ। येह सप्ताह सासन अउर जन प्रसासन में पारदरसिता अउर नीति क जरूरति के ले के व्यापक संवेदनसीता सृजित करे बदे मनावल जाला।

**********

गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण क सामान्य क्षेत्र, प्लास्टिक पार्क अउर गार्मेट पार्क में एक सौ तेरह नया औद्योगिक इकाइयन क स्थापना बदे प्राधिकरण प्रसासन आवेदन पत्र आमंत्रित कइले हौ। एहमें सामान्य श्रेणी क उद्योग बदे छियालीस भूखण्ड, गार्मेट पार्क बदे तैंतीस अउर प्लास्टिक पार्क बदे चौंतीस भूखण्ड क आवंटन कइल जाई। इच्छुक उद्यमी भूखण्ड बदे सतरह नवम्बर ले आवेदन कइ सके लें।

**********

बिहने धनतेरस अउर एकतीस अक्टूबर के देवाली तिउहार पर प्रमुख बजारिनि में होखे वाला भीड़ि के देखि के कई जिलन क नगरन में यातायात में बदलाव के ले के दिसा–निरदेस जारी कइल गइल हौ। गोरखपुर में यातायात पुलिस आजु भिन्नहीं दस बजे से एकतीस अक्टूबर के राति बारह बजे ले महानगर इलाका के कई राहिनि पर भारी वाहन, ऑटो अउर ई–रेक्सा क प्रवेस रोकि दिहले हौ। एकरे अलावा कई प्रमुख चौराहन से वाहनन के आये–जाये वाले राहि में बदलाव कइल गइल हौ।

**********